



**Department of  
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Chè paran oswa responsab:

Pandan ane lekòl 2017-2018 la, pitit ou a te resevwa sèvis sante (tankou medikaman) oswa akomodasyon dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon an. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education, NYCDOE) egzije yon nouvo **otorizasyon** pou sèvis chak ane lekòl. Nouvo otorizasyon an konfime pitit ou a toujou bezwen sèvis nan lekòl. Li asire tou pitit ou a resevwa sèvis ki apwopriye. Fòm ki ajou yo ap di enfimiyè lekòl la si doktè w la fèchanjman ane pase nan medikaman oswa nan tretman pitit ou a. Enfimiyè lekòl la bezwen enfòmasyon sa yo pou li ka byen trete pitit ou a.

Plizyè paran fè orè egzamen medikal anyèl pitit yo nan moman sa a nan ane a. Nou ankouraje w prepare tou pou prepare tou pou ane lekòl k ap vini an. Nan pwochen vizit pitit ou a, mande doktè pitit ou a pou l ranpli fòm pou akomodasyon enpòtan nou voye ba w yo. Kole yon tifoto resan nan kwen goch anlè fòm preskripsyon medikaman an. Sa ap ede lekòl la idantifye pitit ou a pi byen.

Si se avan dènye jou lekòl la, pote fòm yo ba enfimiyè lekòl pitit ou a. Pandan ete, poste fòm lan nan:

---

---

---

---

Voye fòm ou fin ranpli yo 15 jiyè 2018. Sa asire pitit ou a pral resevwa sèvis ki apwouve nan kòmansman nouvo ane lekòl la.

Avèk senserite,